



Pou Biblikasyon Imedya: 22/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DETAYE DONE KRIM NAN TOUT ETA A, KI METE AKSAN
SOU NESESITE POU ENVESTISMAN NAN SEKIRITE PIBLIK AK REFÒM NAN
BIDGÈ POU ANE FISKAL 2024 LA**

*Pwopozisyon bidjè a dedye 491.9 milyon dola pou abòde vyolans ak zam, diminye
residivis, ak sipòte sistèm jistis kriminèl la nan rekiperasyon anba pandemi an*

*Ensidan fiziay ak blesi te bese 17 pouasan nan Vil New York ak 15 pouasan nan 20
kominote yo ki te rapòte done sou vyolans ak zam bay Eta a an 2022 konpare ak
2021*

Asasinay te bese nan 11 pouasan nan tout eta a, krim yo te rapòte yo ogmante

*Propozisyon liberasyon sou kosyon ki gen sans komen pou elimine konfizyon
nan lwa ki gen konfli yo epi kenbe agresè residivis yo ak kriminèl vyolan yo
responsab*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo [done sou krim nan tout eta a](#) epi li mete aksan sou nesesite pou envestisman ak refòm nan sekirite publik ki enkli nan Bidjè pou Ane Fiskal 2024 li a. Pandan yon diskou nan Kapitòl la, Gouvènè a te esplike envestisman 491.9 milyon dola li nan estrateji ki pwouve pou adrese ak anpeche krim ak vyolans ak zam, diminye residivis, epi ede sistèm jistis kriminèl la kontinye Rebondi apre ripti nan épòk pandemi an. Ensidan fiziay ak blesi te bese 17 pouasan nan Vil New York ak 15 pouasan nan 20 kominote yo ki te rapòte done sou vyolans ak zam bay eta a lè yo konpare ane pase a ak 2021, epi ensidan sa yo te kontinye bese nan kòmansman ane 2023. Kantite asasinay yo rapòte yo te bese 11 pouasan nan tout eta a nan ane pase a, ak 94 moun an mwens yo touye, epi alòske endis krim jeneral yo te ogmante a 21 pouasan, kantite sa yo pa pre sa yo te konstate nan twa deseni pase. Gouvènè Hochul te plede tou an favè pwopozisyon bon sans li a pou retire estanda ki gen "mwens restriksyon" nan kad lwa liberasyon sou kosyon eta a, ki se kle pou retabli diskresyon jidisyè a ak rann responsab moun ki kontinye re-ofanse epi komèt krim vyolan yo.

"Nouyòkè yo merite yon sistèm jistis kriminèl ki priyorize alafwa sekirite ak jistis", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwoteje Nouyòkè yo se priyorte nimewo en mwen, se poutèt sa pwopozisyon bidjè mwen an gen ladan envestisman ki bat rekò ak

estrategi pwouve pou asire ke administrasyon mwen an kapab fè egzakteman sa. N ap travay anplis pou konbat krim atravè eta nou an epi n ap avanse nan bon direksyon an men nou p ap sispann jiskaske chak Nouyòkè ka viv an sekirite."

Gouvènè Hochul te mete aksan sou platfòm konplè jistis kriminèl li a, lòt tandans krim ki montre pwogrè yo reyalize jiskaprezan ak amelyorasyon ki toujou bezwen fèt pou asire efikasite ak efisyans sistèm lan. Ensidan fiziyyad ak blesi yo kontinye ap bese ane sa a, ak 55 moun an mwens (-34 pouyan) ke yo te tire nan 20 kominote yo ki rapòte done vyolans ak zam bay eta a epi ki patisipe nan inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) lan ak 44 moun an mwens (- 21 pouyan) ki te blese pa zamafe nan Vil New York, apati 12 mas 2023. An jeneral, endis krim yo ogmante a 21 pouyan: krim vyolan (asasinay, vyòl, vòl, atak grav), 10 pouyan, ak krim sou pwopriyete (kanbriyolaj, vòl, vòl veyikil a motè), 24 pouyan, pandan menm peryòd tan an.

Paramèt kle sistèm jistis kriminèl yo pa te remonte nan nivo anvan pandemi an nan ane 2019, lè Eta New York te fè eksperyans yon nivo ba pou tout tan nan krim ke yo rapòte apre sèt ane konsekutif nan bès. Arrestasyon deli ak krim yo te ogmante an 2022, men yo toujou pi ba pase chif ajans lapolis yo te rapòte soti 2017 jiska 2019. An menm tan, tribunal eta a te rezoud mwens ka ane pase: yo te rapòte 118,378 dispozisyon lè yo konpare ak dispozisyon ki te fèt chak ane depi 2017 jiska 2019.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Ekite ak jistis se de poto sistèm jistis kriminèl la ki enpòtan anpil pou asire ke li ap travay efikasman pou tout Nouyòkè yo. Tout moun ki rele New York lakay yo ta dwe kapab gen asirans ke sistèm nan ap kontinye amelyore pou kenbe nou an sekirite. Mwen rekonesan pou sipò ak patenarya Gouvènè Hochul nan angajman nou pou vrè jistis ak sekirite pou tout moun."

Propozisyon bidjè Gouvènè Hochul la double pwogram ki fè prèv siksè, investi **337 milyon dola**: 110 milyon dola ogmantasyon nan bidjè Ane Fiskal 2023 a, ki te genyen pi gwo envestisman nan finansman sekirite publik nan yon jenerasyon. Pwopozisyon Bidjè Ane Fiskal 2024 la gen ladan:

- **84.1 milyon dola** pou pwogram travay pou jèn yo, ladan gen **37 milyon dola** ki pou pwogram ki nan jiridiksyon Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) yo.
- **70 milyon dola** pou kominote yo reponn ak konsekans vyolans ak zam, ladan yo gen **50 milyon dola** se pou bezwen kapital kominote a.
- **36.4 milyon dola** pou inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (GIVE) la.
- **31.1 milyon dola** pou rediksyon krim, jistis pou jèn, ak pwogram prevansyon gang.

- **25.9 milyon dola** pou Inite Estabilizasyon Kominotè (Community Stabilization Units, CSUs) Lapolis Eta a, ogmante kantite inite sa yo soti nan 16 rive nan 25.
- **25 milyon dola** pou pwogram Sansibilizasyon SNUG Street la.
- **18 milyon dola** pou rezo Sant Analiz kont Krim ki sipòte pa Eta a, ki gen ladan etablisman yon nouvo sant nan Vil New York, sa ki fè kantite sant yo nan tout eta a vin 11.

Pwopozisyon Bidjè Egzekitif la gen ladan tou finansman sinifikatif pou amelyore efikasite ak efisyans sistèm jistis kriminèl la:

- **52 milyon dola** nan èd pou finansman pou pouswit jidisyè pou tout 62 biwo pwokirè distri yo.
- **40 milyon dola** pou finansman pou sipòte aplikasyon refòm dekouvèt.
- **31.4 milyon dola** pou altènativ pou pwogram prizon yo.
- **20 milyon dola** pou sèvis anvan pwosè.
- **11.5 milyon dola** pou 20 Gwoup Travay pou Re-entegrasyon nan Konte a, ki ede moun yo reyentegre nan kominote yo apre yo fin piye santans yo.

Ansanm, envestisman sa yo finanse yon plan konplè ki adrese tout aspè sistèm lan. Gouvènè Hochul te repeète tou nesesite pou pwopozisyon liberasyon sou kosyon ki gen bon sans li a pou elimine nenpòt konfizyon nan lwa a. Li ta bati sou lòt revizyon ki te fèt nan lwa a depi li te antre an vigè 1e janvye 2020, ki te konsantre tou sou asire ke jij yo gen diskresyon pou etabli liberasyon sou kosyon pou moun ke yo akize yo nan krim grav ak ofans repeète.

Yon bò, lalwa limite jij yo pou yo fè detèminasyon anvan pwosè ki baze sèlman sou "kondisyon mwens restriktif" ki nesesè pou asire akize a retounen nan tribinal. Yon lòt bò, lalwa mande jij yo tou pou yo konsidere yon seri lòt faktè lè y ap etabli liberasyon sou kosyon. Sa lakòz akizasyon ak konfizyon lè akize yo komèt lòt krim vyolans. Pwopozisyon Gouvènè Hochul la retabli diskresyon yon jij pou li konsidere faktè ki déjà enkli nan lwa a epi pran detèminasyon endividiyèl ki apwopriye a.

Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te pran mezi pou ranfòse lwa prevansyon sou vyolans ak zam Eta New York la lè li entèdi zam fantom, chajè ki gen gwo kapasite ak jilè pabal; elaji kalifikasyon kosyon pou krim ak zam yo; ogmante laj pou achte zam semi-otomatik a 21 an; epi lanse [Gwoup Travay Ant Plizyè Eta sou Zam Illegal](#) (Interstate Task Force on Illegal Guns) ki se premye nan nasyon an, ki te rankontre ankò nan mitan mwa mas la, pou site inisyativ sa yo sèlman.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418